# Шеран ойланийн жамI - 2013

Адаман Султанан
Олхазар

Даханчу 2013-чу шарахь яздинчах,
аьллачах а цхьадерг

https://facebook.com/dinulislam.org

بسم الله الرحمن الرحيم

Чулацам:

АллахI ……………………………………………………...3

Къуръан ……………………………………………………4

Хьадис ……………………………………………………..5

ДоIа ………………………………………………………...7

Асхьабаш …………………………………………….......8

Iеламнах ……………………………………………….....9

Ешар …………………………………………………….....10

Дешар, Iилма ……………………………………………11

Кхетам, ойла ……………………………………………14

Доьзал……………………………………………………….18

Йиша ……………………………………………………....20

Къахьегаран майда ……………………………….21

Вайн хьал …………………………………………….....24

Кхидерг ………………………………………………......27

# АллахI

❖ «Делах тешар доцу дахар шога ду, гIайгIане ду, шеца ва́ха хьакъ долуш дац. Сайн хьекъалца вовзале хьалха, сайн сица а, сайн дагца а вевзина суна АллахI.. Хьайн дахаран массо агIонашкахь АллахI хьайца хилар ца хаало хьуна?».

# Къуръан

❖ ХIора пIераскана буса а, дийнахь а «Ал-КахIф» цIе йолу сурат дешар дика лоруш ду, цунах лаьцна даьхкина хьадисаш а ду.

Цу сурат юкъара тIаьххьара айатан маьIна дан гIоьртар ду вай кхузахь, Шейх ВахIбат Зухьайлийс динчу тафсираца цхьаьна. ХIокху шина къовлар [ ] юкъахь дерг Шейх ВахIбатан тафсиран маьIна ду, ткъа цу юкъахь доцург – шá айатан маьIна ду.

«**Ахь ала** [цаьрга хIай Мухьаммад]: **со шу санна адам бен дац** [малийкийн йа делаллин куц дац сан, АллахI Дала Iамийнарг, Цо довзийтинарг бен хаа а ца хаьа суна; ткъа АллахI Дала] **хоуьйтуш ду суна шун дела цхьа** [АллахI] **Дела хилар**, [Шá цхьаъ волу, массарна Шá оьшуш волу, Шен делаллехь Шеца цхьа а накъост воцуш волу; цундела, аш Шена Iибадат дан деза Дела – цхьа дела ву, Шеца цхьа а накъост воцуш]. **Ткъа шá шен Далла хьалха хIоттаре догдохуш волчо дика Iамал йойла, шá шен Далла Iибáдат дарехь Цуьнца цхьа а накъост ма войла** [АллахIана хьалха ша хIуттур хиларх тешна волчо, ша Цунна муьтIахь хиларна Цуьнгара шена мéл хиларга догдохуш волчо – дика Iамалш йойла цо АллахIана герга кхачархьама, шен Iибадат деккъа Цунна а хуьлийтийла цо, АллахIана Iибадат дарехь Цуьнца Цуьнан кхолларех цхьаъ накъост вархь а ларлойла иза, хуьлийла иза гучахь долу накъоствар, цIунашна-жаIаршна Iибадат дар санна долу, йа къайлах долу накъоствар, шá дийриг гайтамна йа цIерахазамна йа нахана юкъахь шá вуьйцаш-вевзаш хилийтархьама дар санна]».

Сурат «Ал-КахIф», тIаьххьара 110-гIа айат; «Ат-тафси́рул-муни́р», Шейх ВахIбат Зухьайлий.

❖ «Ас кхоьллина дац жинаш а, адамаш а, Сайна Iибадат дайта бен. Суна ца деза цаьргара рицкъа, Суна ца деза цара Суна кхача балар. Бакъдолуш, АллахI ву шортта рицкъа луш верг а, ницкъ болуш верг а, онда верг а». (Сурат «Аз-За́рийа́т», 56-58 айаташ).

# Хьадис

❖ Бухарийс а, Муслима а дийцина иштта хьадис: «ХIора пайхамаран доIа хилла ду, шена жоп луш долу. Цо и доIа дича, оцу доIийна жоп луш хилла ду, тIаккха цо дехнарг луш хилла ду цунна. Бакъдолуш, ас сайн доIа лардина, Къемат дийнахь сайн умматана цуьнца шафаIат дархьама». Хьалха хилла болчу пайхамарша массара и доIа дуьненахь дина хилла, цхьаболчара шайна дика доьхуш, вукхара шайна доьхьало йина шайн къаьмнаш хIаллакдар доьхуш, вукхара цхьа кхин хIума доьхуш. Ткъа вайн Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) и доIа шена ца деш лардина, Къемат дийнахь оцу доIанца шен уммат Деле дехархьама кхоийна. Цо гойту цуьнан дозалла доккха хилар а, цуьнан хьакъ цуьнан умматана тIехь доккха хилар, АллахIера къинхетам а, маршаллаш а, массо беркаташ а, диканаш а, лаккхара даржаш а, хестораш а хуьлда-кх цунна.

❖ Анаса (Дела реза хуьлда цунна): «Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) аьлла долчу хIокху дешнех санна хазахетар хилла дацара тхуна цхьанне хIуманца: «Стаг шена везначуьнца хир ву». Суна веза АллахIан Элча а (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), Абу Бакар а, Iумар а. Сой цаьрца хиларга дог а доху ас». (Бухарий, Муслим)

Нахана юкъахь лелаш долчуьнца вайна зеделла хIума а ду, цхьана стагана дика нах безаш хилча царна тIегIерташ хуьлу иза, церах шá тера хилийта гIерташ хуьлу иза. Амма нагахь санна цунна вон нах безахь, церах дIакхета иза, церан Iамалш а, церан хIуманаш а леладо цо.[1]

Ткъа ас а олу, аша а ала соьца, Анаса (Дела реза хуьлда цунна) ма-аллара: суна АллахIан Элча а веза (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), Абу Бакар а, Iумар а, Iусман а, Iела а, Анас а веза, берриге асхьабаш а беза (Дела реза хуьлда царна), Iеламнах а беза, Делан дика лайш а беза, Цуьнан гергара нах а, эвлаяаш а беза, массо пайхамарш а беза, уьш баккъалла бакъбинарш а, гIазотехь кхелхинарш а, дика нах а беза, сайн ницкъ ма-кхоччу церах тарвала а гIоьрта со, цаьрца хила а гIоьрта со. Йа роббана, йа АллахI, хIай везан Дела, цаьрца хилийтахьа со а, сан да-нана а, сан йиша-ваша а, сан доьзал а, сан гергарнаш а, суна бевза-безарш а, массо бусалба нах а.

[1] Шейх Iабдуррахьман ас-СаIдий, «БахIжату къулубил-аброр», 193.

❖ Абу Шурайхь ал-Хуза́Iийс (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Цхьана дийнахь АллахIан Элчано (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) тхо долчу ара а ваьлла элира: «Кхаъ бу шуна! АллахI воцург кхин дела а вац, со АллахIан элча а ву аьлла тешалла деш дац шу?». Асхьабаша жоп делла: «Дера ду». Цо аьлла тIаккха: «Бакъдолуш, хIокху Къуръанан цхьа йист АллахIан керахь ю, цуьнан важа йист шун керахь ю (шуна а, АллахIана юкъахь хIоттаелла зIе ю иза), цунах тассалойла шу, бакъдолуш цул тIаьхьа цкъаъа тилар чу а гIур дац шу, хIаллак а хир дац шу». ТIабаранийс дийцина иза, нийса хьадис а ду иза.

❖ Мархин бутт – дика аьтту бу вочу амалех дIакъаста. Бусалба стагца а, зудчуьнца а хила йогIуш йоцучу вочу амалех ду боьха къамел дар, эрна къамел дар, пуьташ боттар, харц лер. Меттан оцу сакхтех дIакъаста аьтту бу бусалба стеган мархин баттахь. Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) аьлла: «Марха кхабар юучух а, молучух а вухакхетар (хилла Iаш) дац, мелхо а иза эрна къамелах а, боьха къамелах а ларвалар ду». Хьа́кима, Ибн Хузаймас, Ибн Хьибба́на дицина иза.

❖ «Нахана юкъахь АллахIана уггар дукха везарг – церах уггар пайде верг ву. Нуьцкъала а, сийлахь а волчу АллахIана уггар дукха еза Iамал ю ахь бусалба стагана хазахетийтар, йа цунна тIера цхьа гIайгIа дIаайъар, йа цуьнан декхар цунна тIерадаккхар, йа мацаллих иза кIелхьараваккхар… Бакъдолуш, вочу гIиллакхо Iамал талхайо, къонзо моз талхоре терра» - аьлла Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), нийса хьадисехь.

Iуьйре – самукъа, хазахетар, массо вочух лардалар, гIайгIа-бала дIаайбалар, хаза гIиллакх, бес-бесара хаза дахар хуьлда шун!

❖ Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) аьлла: «Вайн жимачух къинхетам беш ца хилларг а, вайн воккхачуьнан лерам беш ца хилларг а, диканиг де а олуш, вониг ма де а олуш ца хилларг а вайх вац». Тирмизийс дийцина иза.

# ДоIа

❖ Дала Шен къинхетамах ма дохийла вай а, массо бусалба нах а, дийна берш а, белларш а. Амин алалаш.

❖ «Йа АллахI, хIай везан Дела, гIайгIа-баланехь верг цунах паргIатваккха Ахь, цомгаш волчунна дарба де Ахь, дешархочуьнан аьтту бе Ахь, сингаттамехь верг ирсе ве Ахь, ца хууш верг Iамаве Ахь.. Вовший безам болу шиъ Хьой реза волчунна тIехь цхьаьнатоха Ахь».

❖ Имам Ма́лика аьлла (Дала къинхетам бойла цунах): «Вайл хьалха хилла болчу Iеламнаха а, дикчу наха а шайн берашна Абу Бакар а, Iумар а везар Iамадора, шаьш царна Къуранан сурат Iаморе терра». Дала и шиъ везначерах дойла вай, Дала Къемат дийнахь цаьршинца а, и шиъ везначеран тобанца а хуьлийтийла вай.

❖ Iуьйре, де, суьйре, буьйса.. дерриге дахар - ирс долуш хилла шун!

❖ Йа АллахI, хастам бу Хьуна Ахь тхо мархин батте кхачорна, Ахь тхоьга марха кхабийтарна, Ахь тхоьга ламазаш дайтарна, Ахь тхоьга Къуръан дешийтарна, Ахь тхуна Хьайна герга кхача некъаш даларна! Йа АллахI, Айхьа хIокху баттахь къинхетам бинчерах делахь тхо! Йа Рохьману, йа Рахьиму, йа АллахI!

❖ Йа АллахI, Хьайн дикаллийца хьажалахь тхоьга, Хьоьца йолу тхан ойла дика ю хьуна, йа роббана, тхан дика Дела.

❖ АлхьамдулиллахI, хастам бу Хьуна Везан Дела! Ахь динччунна реза ду тхо, йа́ роббана́. Тхайгара даьллачунна-леллачунна къера ду тхо, йа́ роббана́. Гечделахь тхуна, йа́ АллахI Дела.

# Асхьабаш

❖ Хууш ма-хиллара, вайн Уммат юкъахь дозаллехь кхоалгIа вогIуш ву Iусман, Дела реза хуьлда цунна, (доьххьара Абу Бакар, шолгIа Iумар, кхоалгIа Iусман, воьалгIа Iела, Дела реза хуьлда царна массарна). Кхин а хууш ма-хиллара, Iусманехь вайн Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ши йоI хилла марехь, Рукъаййа а, Умм Кулсу́м а (Дела реза хуьлда цаьршинна). Цундела олу цунах «Ши нур дерг». Iеламнаха аьлла: Делера салам хуьлда цунна, Адам пайхамарал тIаьхьа дуьйна йолчу хенахь, пайхамаран ши йоI хилла хилар девзаш дац цхьаьнггахь а, цхьа Iусман воцучуьнгахь.

# Iеламнах

❖ ХIора бIешеран коьртехь хIокху уммат юкъахь цуьнан дин карладоккхуш Дала цхьа стаг воуьйтур ву аьлла ду хьадисехь. Имам Ахьмада (Дала къинхетам бойла цунах) боху: «Доьххьара бIешарахь хилларг Iумар ибн Iабдул-Iазиз вара, шолгIачу бIешарахь хилларг Ша́фиIий вара».

❖ Имам Хьамма́д ибн Аби Сулайман цIе йолчу Iеламстагаца Iилма Iамийна ву Имам Абу Хьани́фа (Дала къинхетам бойла цаьршинах). И валлалц Iийна иза цунах дIа ца хедаш – 18 шарахь Iилма Iамийна цо цуьнца, шех воккха Iеламстаг хиллачул тIаьхьа а саца ца сецаш. Имам Абу Хьани́фас аьлла: «Сайн хьехархочуьнан Хьамма́дан хIусам йолчу агIор сайн ког дIахецна бац ас, цуьнан сий деш, цуьнан лерам беш. Ткъа цуьнан хIусамна а, сайчунна а юкъахь ворхI некъ бара. Хьамма́д веллачул тIаьхьа дуьйна цхьа а ламаз дина дац ас, сайн дена-нанна гечдар дехарца цхьаьна цунна а гечдар дехний бен. Бакъдолуш, ас гечдар ма доьху сайна цхьа Iилма Iамийначунна а, айса цхьа Iилма Iамийначунна а». Иштта догцIена а, сий долуш, лераме а, гIиллакхе а, шена дина дикчу хIуманан мах хууш, иза диц ца деш, массо нахана шайха пайда хилийта лууш хилла вайн Iеламнах. Дала церан диканах ма дохийла вай.

❖ Имам Абу Хьани́фа кхелхинчу шарахь дуьненчу ваьлла Имам Ша́фиIий – 150 шарахь хIижратан терахьца. Имам Абу Хьанифа дуьненчу ва́лар 80-чу шарахь хилла, и ду Iеламнаха нийса ду аьлларг.

Имам Ма́лик дуьненчу ваьлла, сийлахь асхьаб Анас ибн Малик кхелхинчу шарахь – 93-чу шарахь хIижратан терахьца.

Ткъа и Анас ибн Малик Иракера Ку́фе веанчу хенахь гина хилла Имам Абу Хьани́фана, жималлехь, шен 13 шо кхачале йолчу юкъахь. Оцу кеппара, Имам Абу Хьани́фа «та́биIий» ларалуш хуьлу. Цхьаболчара кхиболу асхьабаш гина хилла аьлла а ду цунна. Делахь а, цхьа а асхьабера хьадис хезна дац цунна.

Дела реза хуьлда царна массарна, Дала къинхетам бойла церах.

# Ешар

❖ «Айхьа хIун йоьшу ала соьга, хьо мила ву эра ду ас хьоьга» олуш ду. Ткъа хIумма йоьшуш вацахь, хьо ван а вац боху маьIна нийса хир дарий?

❖ «Жайнаш – ойланан кхача бу».

❖ Беро ешаран некъ цуьнан 1 бутт кхаьчча дуьйна болалуш бу.. жайна цунна цу хенахь дуьйна марздарца.

❖ Масех бIе шо хьалха, Андалус (таханлера Испани) бусалба нахехь йолчу хенахь, КъуртIуба (Cordoba, Кордова) цIе йолу гIала цигара коьрта гIала хилла, нанагIала (столица) хилла. Цу гIалахь 70 юкъара жайницIа (публичная библиотека) хилла. Оццул долу юкъара жайницIа доцург, маьждигашкахь а, пачхьалкхан гIаланашкахь а, цхьацца нехан шайн хIусамашкахь а хилла жайницIаш. ГIалин коьрта маьждиган жайницIа чохь 400 000 (диъ бIе эзар) жайна хилла, Имам Ибн Халдýна ма-аллара. (http://bit.ly/Ya7Cjq) Цхьана «востоковедо» цу чура жайнаш 600 000 (ялх бIе эзар) хилла аьлла а ду.

Ткъа шá и маьждиг ламаз ден маьждиг хилла ца Iаш, нанайоккха доьшийла хилла, университет хилла, бусалба наха а, бусалба боцучара а шена чохь Iилма Iамош.

Иза, вай «Дéша!» боху Делан дош лардеш хиллачу хенахь хилларг ду. Шун хIусамехь дуй жайницIа?

❖ «Таханлера ешархо - кханалера куьйгалхо (баьчча) ву».

❖ Берана ешар марздарехь уггар дикчу некъех ду цунна шен да а, нана а йоьшуш гуш хилар. Шайна бераш дика ешархой (цигара дIа дика дешархой а) хила лаахь – шаьш царна йоьшуш гайта.

❖ Диц ма делаш: Ешар тIера дIаболалуш бу дешаран а, Iилманан а, ойланан а, кхетаман а некъ.

# Дешар, Іилма

❖ Іеламстагехь юкъарчу хаамийн къелла хилар кхераме ду догIмашца гIийла болчеран цIий кIеззиг хиларал чIогIа. Нах Деле кхойкхуш волчо массо хIума еша еза, Делах тешарх лаьцна жайнаш деша деза, Дела хилар керстадеш болчеран жайнаш деша деза, Суннатан жайнаш деша деза, философи а еша еза.. Доцца аьлча, адамийн тайп-тайпана йолу ойланаш ерриге еша еза цо, дахар а, цуьнан тайп-тайпана агIонашкахь Іаткъам бен хIуманаш а довзархьама.

Шейх Мухьаммад ГIазалий.

❖ Динна алсам тIегIерташ болчу кегийчу нехан (божаберийн а, зудаберийн а) дахаран Іилманашца долу гергарло чIогIа ледара ду. Дин лелорехь, Іаморехь уьш санна боцучу кегийчу нехан динан Іилманашца йолу юкъаметтиг кхин башха дика яц. Вайна хьалха долу хаттар: и ши агIо туо муха йийр яра, нис муха йийр яра аьлла ду.

❖ Мисрехь (Египтехь) дукха хан йоццуш АзхIарера баккхийчу Іеламнаха хIоттийна долчу низамехь, Мисран коьрта муфтийн дарже хоржуш волу стаг динан баххаш а, фикъхIан баххаш а, Іаьрбийн меттан бакъонаш а хууш хила везаш хиларца цхьаьна кхин цхьа мотт бийца хууш хила везаш ву. Ткъа вайн цхьаболу дешархой ингалс мотт Іамо лууш бац хIинца а.

❖ Дикачахь дешарна дика ахча оьшу дукккха хьолехь.. Ахь дешна, йа хьоьга дешийтина цхьамма. Хьой дешна ваьллачул/яьллачул тIаьхьа, хьой балха хIоьттича, хьайна рицкъа тIеда́н доладелча, хьайн доьзалшка доьшуьйту ахь, амма цаьрца цхьаьна кхин цхьаьнга доьшуьйту ахь. Цхьа стаг хьайна тIелоцу ахь, цуьнга дикачахь доьшуьйтур ду олий. Ткъа иза буобер хилахь – иза дикачунна тIе дика дерг ду, шозза мел бу.

Бусалба динах а, бусалба нахах а, вайн къомах а доглозуш, балакхочуш болчу хьолахошка а, Дала рицкъанан шорто йинчаьрга а бо вай уьзза кхайкхам: цхьа стаг тIелаца хьайна, хьайн доьзалшца цхьаьне цуьнга а дикачахь дешийта. Ша́ дешна ваьллачул тIаьхьа, ша́ болх бан волавелча, шена тIера декхар цо а кхочушдийр долуш: цхьана кхечуьнга цо доьшуьйтур долуш.

Вай иштта и дан гIортахь, дукха цаIIаш вайн Іилманчийн а, Іеламнехан а тоба шорлур ю, Дала мукъа лахь, вайна юкъахь дешар а, Іилма а, ойла а, кхетам а даьржар ду, Делан пурбанца.

❖ Нийса Iилма – хьо АллахIана герга вуьгург ду, хьан дог а, ниййат а нисдийриг ду, хьан кхетам сирлабоккхург ду, Далла хьаставаларехь а, дог Делаца хиларехь а, Делах кхерарехь а, Цунна муьтIахь хиларехь а хьо сов воккхург ду.

Йа дуьненан Iилма ду, ялта лелорехь хьуна пайда беш долу, йа йохка-эцарехь, йа урхалла лелорехь, йа пхьола дарехь, йа рицкъа лахарехь, йа дахарехь хьуна пайда бийриг ду. ХIокху кепара долу Iилма а оьшуш Iилма ду, адамехь ца хилча йиш йоцуш ду. Шейх Салман ал-IавдахI.

❖ «Хазахета, цхьана къоначу стага мукъане а шен хан Iилманна йойъуш. Ткъа вайн хилла а бац я бан а бац Iилманца бала болу нах…».

Гадаев Мохьмад-Селахьа 1956 шарахь Айдамиров Абузаре яздинчу кехат юкъара.

❖ Жима волуш со воккха романтик вара. Сайна хуучу туьйранийн, ешначу книгийн а турпалхойх тарвала, халкъ, гIийланаш, мисканаш бохамех кIелхьарабохуш даккхий сайгара хьуьнарш гайта сатуьйсура. ТIаккха, воккха мел хуьлу, со кхета вуьйлира, оцу «хьуьнаршна» суна хьекъал, кхетам, хаарш дезаш хиларх. Цундела, цкъачунна и «турпале хьуьнарш» тIаьхьалонна дIа а теттина, хьехархо хила сацам бира ас.  А. Айдамиров.

❖ Хьалха, бусалба наха шаьш цхьа мохк йа гIала кералаьцча, доьххьара цигахь дийриг маьждиг хилла, цу маьждигца цхьаьна доьшийла а хилла. Цхьана гIалахь масех маьждиг-доьшийла хуьлуш хилла дуккха хьолехь. ЖайнийцIаш кхуллуш хилла цара, йа оцу маьждигашца-доьшийлашца цхьаьна, йа шаьш шайна. Маьждиг-доьшийла-жайницIа.

❖ Хьалха-хьалха берийн дешар доьххьара хьуьжаршкахь долалуш хилла (таханлера ишколаш санна доьшийлаш хилла уьш). Цигахь берана еша а, язйан а Iамош хилла, Къуран дагахь Iамадойтуш хилла, меттанаш а, математика а, кхидолу коьрта Iилманаш а Iамош хилла. Яккхийчу гIаланашкахь и хьуьжарш маьждигашца цхьаьна еш хилла. Хьалха-хьалхарниг чекхдаьлча лакхарчунна тIе а волуш, хьоьхуш болчу хьехархоша дешархочуьнан массо агIор дола а деш, Iилманца цхьаьна гIиллакх-оьздангалла а, дика амалш а Iамош хилла дешархочо. Iилма Iаморан а, иза хьехаран а болх Бусалба динехь боккха лоруш хиларна, Iеламнаха дуккха жайнаш яздина дешарх лаьцна а, хьехархочо лардан дезачу гIиллакхех лаьцна а, дешархоша шайн доьшийлахь лело дезачу гIиллакхех лаьцна а. Имам ГIазáлийс а хьахийна и гIиллакхаш шен цхьадолчу

жайнашкахь. Иштта, хьехархо шен дешархошца муха хила веза дуьйцуш, доьххьара цо дан дезарг билгалдеш, Имам ГIаза́лийс (Дала къинхетам бойла цунах) боху: «Дешархойх доглозуш хила веза иза… Шен бераш санна хета беза цунна уьш. Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) аьлла: «Да шен доьзалхочунна верриг ву со шуна а (цо шен берана хьехаре терра хьоьху ас шуна а)». Церах къахеташ хила веза иза, эхартахь уьш жоьжахатин цIерах ларбан лууш хила веза иза. Ткъа иза дена-нанна шайн доьзалхо дуьненан цIерах ларван лаарал чIогIа а, доккха а, маьIне а ду. Цундела хилла ду хьехархочуьнан хьакъ ден-неначул доккха; да-нана хIинцца долчу хIокху па́на дахарехь и доьзалхо хиларан бахьана делахь, хьехархо – даим хир долчу дахарехь иза (декъал) хиларан бахьана ду. … Ткъа кхузахь ас вуьйцу хьехархо – эхартан Iилманаш хьоьхург ву, йа эхартаца лаам а болуш дуьненан Iилманаш хьоьхург ву». Чекхдели Имам ГIаза́лийс аьлларг, кIеззигчу хийцамца.

❖ Муьлхха а къам, пачхьалкх беа бIогIам тIехь лаьтта – дешарна, могашаллина, культурана, экономикана а. Царех коьртаниг – дешар ду, Iилма ду. Дешаро, Iилмано къоман хьекъал, кхетам кIаргбо, шарбо, къомо эзарнаш шерашкахь кхоьллина, гулдина диканиг, пайдениг, оьзданиг, хазаниг, Iилма, истори, мотт, культура, говзаллаш тIаьхьарчу тIаьхьенашка дIалуш ларйо, кхин тIе кхиайо, дуьне довзуьйту, дахарна Iамадо. Вайн къоман тахана а, кхана а, гуттаренна а оьшург ши Iилма ду – къам иманехь кхио бусалба динан Iилма а, къоман дахар кхолла – дуьненан Iилма а. А. Айдамиров.

# Кхетам, ойла

❖ Дино валар дийцар дахар дохорхьама, иза сацорхьама дац. Цуьнан хецадалар духаозархьама а, цунах Iехаваларх ларвархьама а, цуьнан Iехане юкъа ца хьарчавайтархьама а дуьйцу иза. Шейх М. ГIазалий.

❖ Бусалба дин эрна гIовгIа а йоккхуш, Iалашонга кхочуш йоцуш, яьсса кхоьссина топ яц. Бусалба дин – сирла ойла ю, кхачамалла йолу са ду, дегIаца цIена лелар ду, Iамал дика йар (болх мух-мухха ца беш, дика бар) ду, къепедацарна доьхьал долу низам ду, массо майданахь жигара дIадоьду дахар ду. Шейх Мухьаммад ГIазалий.

❖ Делан Дош долу Къуръан шел хьалха хилла долчу массо жайнийн меттана доссийна ду. Делан Элча Мухьаммад пайхамар (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) – уггар тIаьххьара элча а, пайхамар а ву. Къуръан – хIокху вайн умматан жайна ду, Мухьаммад (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) – хIокху вайн умматан пайхамар ву. Мухьаммадан (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) умматана шен дин нийса довза лаахь, иза Къуръане а хьажа деза, Мухьаммад пайхамаран (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) дахаре а хьажа деза.

❖ Кхетам – Ойла (йар) – Iилма – Ешар (цуьнца цхьаьна: ладогIар, хьажар, тидам бар; йа вуьшта аьлча: саццаза керланиг Iамош хилар). ТIаккха – Iамал. Лаккхара кхетам, уггар дика Iамал.

❖ ГIенах азан деш долуш самаваьллера со.. Чайна стака доьттина, Твиттер чохь керла хIун ду хьожуш волуш (цхьацца Iеламнаха хIун яздо хьожу со цу чохь), Шейх Салмана аьллачух иштта хIара дешнаш карий суна:

«Дин – дегнашна дарба дан а, синош туодан а, ойланаш цIанйан а деана ду. Адамехь Ийман совдоккхуш долчу уггар коьрта хIуманех ду дог цIена хилар. ВаллахIи, АллахIаца ду ма буу ас, кхечеран гIалаташ а, церан сакхталлаш а хьехо, уьш дийца хан ма яц дахарехь. Мелхо а, хьайн дог хадийна хилийта ахь, шена чохь хьагI ца соцуш, оьгIазло ца соцуш. «Ялсамани чу цхьа нах гIур бу, шайн дегнаш олхазарийн дегнех тера долуш», аьлла деана ду Муслима дийцинчу хьадисехь. ЦIена, маьрша дегнаш бохург ду иза».

Хьоме йижарий, вежарий! Ткъа ас сайгара тIетуху оцу дешнашна: «Йа робби́, йа АллахI, хIай сан дика Дела, гечдехьа суна соьгара хIинццалц даьллачунна, гечдехьа ас шена цхьа вониг аьллачунна».

❖ Заводаш йар – маьждигаш дар санна ду. Шейх Мухьаммад ГIазалий

❖ Де дийне мел долу, керла-керла диканиг а, вониг а довза мел девза, хIара "дарба" нийса хилар тIехь чIагIло со: (Ешар + Дешар + Iилма + Ойла + Кхетам) + Ийман + Iамал.

❖ Юкъараллин хьал цуьнан материале долчу хIуманийн барамца дустуш ца хуьлу, цунна юкъахь лелачу ойланийн барамца дустуш хуьлу.

Малик Бин Набий, «Юкъаралла кхоллайалар».

❖ «Шайна хуьлуш йолчу халонашна а, тIехIуьттуш долчу баланашна а цабезам ма хуьлийла шуьгахь. Хьуна цадезаш долу цхьа хIума хила тарло шеца (кхин доккхачух йа хьо хIаллакьхиларх) хьан кIелхьараво́лийла долуш. Ткъа хьуна дезаш долчу хIумано хьо хIаллаквеш хила а тарло». Имам ал-Хьасан ал-Басрий.

ХIара дешнаш гира суна тахана.. Цхьа дика доцуш цхьа а хIума дац. Вайна тахана ца го и дика, хуьлуш долчуьнан дика тIаьхьло. Амма Хьекъале волчу АллахIана евзаш ю иза, Къинхетамечунна гуш ю иза.

Имам Iиззудди́на яздина жима жайна а ду, баланийн а, халонийн а пайданаш дуьйцуш.

Суна чIогIа новкъарло еш долу, дикка хало еш долу цхьа хьал дара соьгахь хIокху карарчу деношкахь. Цу хьоло соьга хьалхачул алсам Къуръан дешийтира. Ткъа и «ба́ла» Дала суна ца беллехьара, Къуръан дешаран меттана ас хIун лелор дара хьанна хаьа?!

КхидIа ойла шаьш ер аш Имама аьлла долчу цу дешнийн.

❖ 10-11 шо хьалха, хиллачунна-леллачунна тIехь кIорггера ойланаш ечу заманахь, харжа безачу некъах лаьцна ойланаш ечу хенахь, хаттар дара коьртехь, жоп дала дезаш: адамашкахь доьххьара дуьйна дикалла ю, йа волла ю? Дуккха ойла йича, адамашкахь бух лоруш дерг дикалла хиларна тIехь сацам хилира. Цул тIаьхьа цхьацца айатийн маьIна карадора и бакъхилар гойтуш, цхьацца хьадисийн маьIна карадора. Дукха хан йоццуш хиира, и хаттар философехь толлучу хаттарех цхьаъ хилар.

ХIаъ, Дала адамаш доьххьара дуьйна дикаллийна тIехь кхоьллина. Бе́р дуьненчу да́ларе, иза кхиаре хьаьжча го иза. Адамашкахь алсам ерг дикалла ю. Наггахь цаьргара Iесалла ялахь а. Церах цхьаболчаьргахь волла алсам елахь а. Цундела, адамех дIакъестар, цаьрга массаьрга вон хьежар, царна пе беттар, уьш мостагIий хетар, кхиверг массо вон волуш, галваьлла волуш, ша́ дика а, нийса а хетар – гIалат ду.

❖ Жима волуш, сайн шичийца къовсавеллера со. Со сайн чохь вижина Iийча а, сайн рицкъа суна схьакхочур ду бахара ас, суна яздинарг ас къа ца хьегча а сайна хира ду бахара ас. Сан шичо иза хира дац бахара. Со сайна хетарг дуьйцуш вара. Дела и хIума хилийта ницкъ болуш ву, суна язделларг суна ша-шаха схьадогIур ду аьлла ойла йора ас. Ткъа, хетарехь, сан шичо хьекъалца ойла йора. Со харц хиллера, сан шича бакъ хиллера. Иза кхоно тIаьхьа хиира суна, Iилма Iамо волавелча. Дела массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш ву, амма массо хIума цхьацца бахьанца хуьлуьйтуш ду Цо. Ткъа, нагахь санна Дала буьртиг хьалаба́ла яздина делахь, иза дIабуьйр хилар а, цунна хи тухур хилар а, а́сар дийр хилар а яздина Цо. ДIа ца бийча буьртиг хьалабера бац. Цундела аьлла Дала дуккха меттигашкахь Къуръан тIехь, бахьанаш леладе. Цундела хилла Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дахар а, бахьанех дуьззина.

❖ Ибн МасIу́да (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Вочу билгалоно зен дийр дац, иза лоьхуш волчунна бен».

Вон билгалонаш лехар – Бусалба динехь мегаш хIума дац, вон лоруш хIума ду. Аьрру бIаьрг бегийча вон хIума хир ду, даьсса ведарш гича некъ тоьвр бац, Iаьржа къиг гича цхьа хIара хир ду, цициго-жIаьло некъ хадийча цхьа важа хир ду, (Iуьйранна новкъа ваьллачунна Элбика гича некъ бухур бу, олий юхабоьрзуш нислора пекъир Элбикин лулахой) – уьш дерриге бакъ дац, бакъ ца хиларал совнаха, бусалба адамехь хила догIуш хIуманаш дац, йа хила мегар долу хIуманаш дац. Уьш лоьхуш, цаьрга хьоьжуш, цаьрца бала кхочуш волчунна бен оцу хIуманех хила зен а дац.

«Бусалба стеган гIап» жайни тIехь доIа ду, и вон ойла шена дагаеанчо дан дезаш (205 доIа): "АллóхIумма лá тIайра иллá тIайрук, ва лá хайра иллá хайрук, ва лá илáхIа гIайрук". «Йа АллахI! Цхьа а вон дац билгалонца хуьлуш, мелхо а Хьох доьзна ду ша-дерг; Хьоьгара доцург дика а дац, Хьо воцург кхин дела а вац».

❖ Вайн тайп-тайпана хетарш хилар а, Iилманан хеттаршкахь Iеламнахана юкъахь тайп-тайпана аьлла дешнаш хилар а вайга дIадаккхалур дац. ХIунда аьлча, вай иштта тайп-тайпана хилар - Делан лаам бу, Дала иштта хIоттийна лелаш долу Iедал ду иза. Ткъа вайга далур дерг - цунна урхалла дар ду, иза шарIан а, хьекъалан а дозанел тIех ца долуьйтуш латтор ду, иза пайде долчу агIор дерзо гIортар ду, цунах зен ца хилийта хьовсар ду. Хьалха-хьалха хилла болчу бусалба наха, Iеламнаха, дикачу наха иштта лелош хилла а ду иза.

Масал далийча, Имам Садафийс аьлла: "ШафиIий санна хьекъал долуш цхьа а гина вац суна. Тхойшинан, Iилманан цхьана хаттар тIехь къовсам хилира, ас иштта олуш, цо кхечу агIор олуш, Iилмано тхойшинна гойтуш долчу кепара. Цул тIаьхьа, новкъа вогIуш со шена гича, суна тIе а веана, со мара а воьллина, цо элира соьга: "Вайшинна юкъахь Iилманан хаттар тIехь тайп-тайпана хетарш делахь а, ши ваша хила йиш йолуш вац вайша?!".

И санна масалш вуно дукха ду Iеламнехан дахарехь. Ткъа вайн кхетаман проблеманех цхьаъ ю, вай церан дахарех лаьцна еша ца ешар, вай дикачу агIор дерг схьаэца гIоьрташ ца хилар, вайна цхьа къийсаме йолу агIо бен ца гар, вовшашна юкъахь барт иэгIош йолу агIо бен ца гар, питана ден агIо бен ца гар. Лиъча, мел дукха ю вайн сирла агIонаш, пайде агIонаш, бартбен агIонаш.

❖ Бусалба динехь цхьатерра лераме ду са а, дегI а. Ламаз дар а, болх бар а галморзах дац Бусалба динехь. Йохкаэцар лелор а, Дела хьехор а галморзах дац. Къуръан дешар а, хIусамненаца ирс эцар а галморзах дац.

Ислам - иза эхарта вуьгу дахар ду. Йа вуьшта аьлча, Ислам - дин а ду, дахар а ду; дуьне а ду, эхарт а ду. Дахаран и ши агIо вовшашца цхьаъа мостагIалла доцуш, цхьаьнайийна хилар Бусалба дин кхечу динех а, кхетамех а къастош долу, цуьнан шиэхалла гойтуш долу хIума ду.

❖ Даим дикачу агIор хийцалуш хила везар вайн дахарера коьрта бакъонех цхьа бакъо хила еза: хуьлийла иза вочу хьолера дикачуьнга хийцавалар, йа дикачуьнгара кхин а дикачуьнга хийцавалар; иштта даиманна. Др. Iабдул-Карим Баккáр

# Доьзал

❖ Суна хетарехь, доьзалан гIуллакх дехьара-сехьара бакъонаш къесторна а, йийцарна а тIе даьллехь, иза доха новкъадаьлла.

❖ Юкъараллехь дин лардеш йолу массо тIетевжийлаш телхича, йа мостагIаша а, динца боцучу наха а, йа муьлхха а кхечу бахьано уьш хийцича, дин лардан тIаьххьара юьссу тIетевжийла доьзал бу. Адамашна юкъахь дин лелор лаьттар хиларна тешаме йолу еккъа цхьа меттиг ю доьзал (семья, семейный институт). Цундела, и доьзал бохор – юкъараллехь дин лелоран тIаьххьара гIап йохор ду. Шейх Фарид ал-Ансóрий (Дала къинхетам бойла цунах).

❖ ХIусамдайшна а, хIусамнаношна а юкъахь хуьлуш долу зулам чIогIа ду бохам хиларехь а, хIаллакьхиларехь а, паччахьо халкъана деш долчу зуламал. Шейх Мухьаммад ГIазалий.

❖ Доьзалхо дуьненчу ваьллачу дена-нанна шаьш совгIат деш хилахь, памперсех йина торт ма луо. Бераш кхиорах лаьцна цхьа хаза жайна а, цуьнца цхьаьна цхьа духар, йа муьлхха кхийолу хIума луо.

❖ Цхьана «востоковедо» аьлла бохуш дуьйцу.. Нагахь санна хьайна цхьа юкъаралла (общество) йохо лаахь, кхаа хIуманна тIе чIогIа тидам бахийта беза.

1. Доьзал (семейный институт) талхо беза.

2. Дешар (образование) талхо деза.

3. Адамаш шайга доьрзуш, цара ладугIуш болу баьччанаш, Iеламнах, лераме болу нах сийсаз бан беза.

Доьзал бохорхьама – доьзалан нана Нана йолчара дIаяккха еза, цунна шá шен доьзалан ненан декхарш кхочуш деш хилча эхь хетийта деза.

Дешар дохорхьама – хьехархо лахара хетийта веза, адамашна юкъара цуьнан лерам дIабаккха беза, цигара схьа дешархошна юкъахь а цуьнан лерам хир боцуш.

Наха лоруш берш изэгорхьама – уьш сийсаз бан беза, уьш лахара хетийта беза, церан лаамаш-ойланаш шеконашка яха еза, массо кепара вон куцошца бийца беза уьш, цаьрга цхьамма а ладугIур доцуш, цара бохург цхьамма а дийр доцуш.

И хIума «востоковедо» (малхбалера бусалба мехкашкахь дукха хьолехь вон лоруш бу и тайпа нах) аьлла делахь а, дацахь а, хилла дерг а, хIинца а хуьлуш дерг а ду иза. Ткъа, кхетам болу нана а дIаяьлча, хьекъал долу хьехархо а дIаваьлча, лерам болу дика нах дIабевлча, хIун дикалла лаьттар ю аьлла хета шуна цу кепара юкъараллехь?!

❖ Зуда ялор, маре дар – зудчуьнан хазаллийн доьхьа а, стаг товш вара аьлла а хила дезаш дац. Сийлахь-цIена а, лекха а волчу АллахIана муьтIахь хиларца гуо бина йолчу марзонна а, къинхетамана а, синтемана а тIейоьгIна хIусам кхоллархьама деш ду иза. Шейх Мухьаммад ГIазáлий.

❖ Берашца кхетош-кхиоран болх уггар хьалха доьзалехь дас-нанас а, дедас, дененас, тIаккха кхиболчу дехоша а, ненахоша а беш бу. Цул тIаьхьа и болх доьшийло беш бу, дукхах долчу декъана ишколано, тIаккха хьуьжаро. Иза вайна массарна хуург ду. Ткъа вайн тидам тIе ца боьдуш кхин цхьа агIо а ю и болх беш, берана кхетам луш, цуьнан лелар нисдеш-туодеш. Иза – юкъаралла ю, йа бер шайна юкъахь дехаш долу, цунна гонаха долу адамаш ду, уггар хьалха лулахой а болуш. Юьртахь кхиъна долчу берана юьртан дахарх а, нехан леларх а цунна хаа ца хууш чIогIа Iаткъам хуьлу, хIунда аьлча юьртарчу адамийн цхьаалла мелла а кIеззиг хуьлу, вовший довзар, вовшашца йолу уьйраш алсам хуьлу гIаланашкахьчул. Ткъа тахана, дуккха меттигашкахь адамаш шаьш-шайна девлла, цхьаалла хьалхаяьлла. Вайн Даймахкал арахьа Iаш болчера хьал-м ца дийцича а хууш ду, цу юкъара Европехь болчераниг цу агIор уггар кхераме а ду. Ткъа юкъаралло нийса кхетам луш ца хилча, доьшийлахь дерг а дуккха хьолехь нисса бIостанехьа хилча, цигара схьа девза вайна, ден-ненан мел доккха декхар ду шайн берашца кхетош-кхиош болх бар, цаьрца вуьштачул алсам бáлакхачар.

# Йиша

❖ Лераме йиша! Нагахь санна хьайна хьайн хIусамда хьайн мостагI хилийта лаахь – цунна доьхьал лие. Нагахь санна хьайна хьайн доьзал бохийта ца лаахь – хьой бакъ елахь а хьайн хIусамдена доьхьал дош ма даладе.

❖ Зуда шена чохь йоьлуш йолу лаппагIа (оьрс. «хижина», йа óти́) гIолий ю, шена чохь иза йоьлхуш йолчу гIаланал.

"Сан йоIарий", Шейх Салман ал-Iавдахl.

❖ Борша стагал атта ирсе хилало зуда бохуш дуьйцу Iилманчаша... Дикчу дахарна оьшуш долу бахьанаш зудчунна хилча, дика хIусам а, дика хIусамда а, бераш а, (тIаккха оцу массо хIуманал тIаьхьа иза ерстина а ца хилахь), ирсе хуьлу иза..
"Сан йоIарий", Шейх Салман ал-Iавдахl.

❖ Зуда - юкъараллехь, къомехь дин лардийриг ю, ша нана хиларца. Бусалба дино зудчуьнан бинчу тергаман йоккха Iалашо и ю - зуда дин лардийриг хилар.

# Къахьегаран майда

❖ Ойла проектана йе, къа а проектана хьега - пайда алсам хир бу хьуна. "Йа проект хила хьо хьой, йа проект кхолла ахь, йа проектана гIо де ахь".

❖ Хьайга цхьа хIума дан ца делча, хьайн цхьа гIуллакх чекх ца даьлча, хьуна хаийла, массо кхачамбацарех цIена а, лекха а волчу АллахIана девзаш хилар и иштта нис ца далар хьуна дика хилар. Йа хьо цунна хIинца кийча ца хиларна; йа хьоьга иза хIинца ла́лур ца хиларна, дIакхехьалур ца хиларна; йа хьуна тIедогIуш цул гIолийниг хиларна. Цундела, реза хила хьо АллахIа хьайна яздинчунна, вела ло́ хьо, гIорасиз а ма хила хьо. Шейх ШаIро́вий.

❖ Бусалба стага деш долчу гIуллакхах беркат хила, иза Дела реза волчу кепара деш хила деза. Дела реза хиларехь уггар коьрта дерг ду, деш долу хIума Дела доьхьа дар, ахчанан доьхьа, даржан доьхьа, политикан доьхьа, цIерахазаман доьхьа, гайтаман доьхьа ца дар.

❖ Чоьхьара а, арахьара а, лахара а, лекхара а, дехьара а, сехьара а, кIайн а, Iаьржа а, муьлхха кепара долчу Iедалшца (йа вуьшта аьлча: «политикца», «пачхьалкхашца») доьзна доцу (къаьсттина чIогIа ахчанца), малхбалехьара а, малхбузехьара а тIеиэгош доцу, къома юкъара, нахана юкъара схьадовлуш долу, цхьанне агIор цхьаннех дозуш доцу, юкъараллин тIегIана тIехь деш долу белхаш оьшу вайна хIокху дуьненан хIурда чохь хи буха ца даха, ве́шан бусалбалла, гIиллакх-оьздангалла жим-жима до́луш дайна дIа ца далийта. Кхечо (хуьлийла иза адам, йа Iедал) дийр дара иза-м ца бохуш, хIораммо шена тIера, шен доьзална тIера дIа а долош, цул тIаьхьа хIораммо ша́ говза вол-волу болх беш, Дела доьхьа ниййат дина, да́къа лоцуш хила деза вай цу халчу, амма дезчу гIуллакхехь.

«Дерриге Уммат йа юкъаралла дендарна а, кхиарна а хIоттийна лелош юкъара болх (программа) боцуш хилча, адамо ша́ цхьамма а, цара вовшашца цхьаьна а лелош долу гIуллакхаш маьIне (мехала) хилар гучудолу. Цундела, хьайга хьегалуш долу муьлхха а къа жима ма хетийла хьуна, мехаза ма хетийла хьуна. Кхечаьрца къийсаваларх ларлуо хьо, хьайн ма-хуьллу. Хьайн дегIан, хьекъалан, синан ницкъаш дерриге ахь хьажаде цхьа пайде долу хIума кхолларна, кхиамаш дахарна. Цу новкъара хьой дIаверзор волчаьрца, шайн эрна къамелашца хьо цу новкъах вохор волчаьрца гергарло а, доттагIалла а ма леладе ахь». Шейх Салман.

❖ «Тахана ахь хьалкхна болу мохь эрна бовш хила тарло, делахь а дукха цаIIаш тIейогIучу хенахь цунах дарц хила тарло, кхолламалла хила тарло» - аьлла др. МустIафа Сиба́Iийс, «Иштта Iамийна суна дахаро» цIе йолчу жайни тIехь. И дешча суна дагавеара дIадаханчу бIешарахь ваьхна волу ойланча Ма́лик бин Набий (Malek Bennabi, 1905-1973). Кхиамах лаьцна, уммат дендаларх а, гIаттарх а лаьцна, умматан проблемех лаьцна цо яздина жайнаш а, цуьнан ойланаш а хIара керла бIешо доладелча дуьйна таханлера Iилманчаша а, ойланчаша а, Iеламнаха а Iамош ю, юьйцуш ю, шайн йозанашкахь, белхашкахь лелош ю. Ма́лик веллачул тIаьхьа 30 шо даьлча «вевзина» иза, «гина» иза.

❖ Вайна юкъара цхьаболчара Далла тIе болх буьллуш, шаьш лелон деза бахьанаш леладо, дахарехь шаьш лаца деза да́къа лоцу. Ткъа дукхах болчара болх Iедалшна тIе буьллу, пачхьалкхийн кера дIало, тIаккха массо хIума цара дийр ду бохуш, цара дан деза бохуш Iа. Болх далла тIе билла беза, гIуллакх Делан кера дIадала деза, ткъа Далла тIе болх нийса билларх ду вайх хIораммо ша́ лелон деза бахьана лелор: ишколано кхиор ду сан бераш бохуш ца Iаш, цуьнца цхьаьна вай да́къа лацар; Iедало туодийр ду доьхна тIай бохуш ца Iаш, вайга далурриг вай дан гIортар; Iедало хийца деза доьшийлашкара хьал бохуш ца Iаш, дешарна гIо деш болу, Iедалца боьзна боцу болх вай бар; пачхьалкхо, Iедало ца дича далур дац, дерриге декхар царна тIехь ду, вайна тIехь цхьаъа декхар дан а дац, цара ца нисдича вайн хьал нислур дац бохуш ца Iаш, вайх хIора а ша́ говза вол-волчу хIумангахь каде хилар, жигара хилар. Иза – вай хийцадалар ду, вай ечу ойланан некъ хийцабалар ду, вай лелочу бахьанийн некъ керла тIегIана тIе ба́лар ду. Ткъа вай хийца ца делча, Дала вайн хьал хуьйцур дац, хуьлийла иза вочуьнгара дикачуьнга хийцар, йа дикачуьнгара кхин а гIолий долчуьнга хийцар.

❖ «Уммат тешна хила деза, деш долу хIума жим-жима, паргIат дан дезаш хиларх. МостагIаша масийтта бIешарахь дохийна долу хIума цхьа кIеззигчу шерашкахь юхадалур дац». Шейх Мухьаммад ГIазалий. Ткъа иза вай санна долчу цхьана къомана а догIуш ду, дерриге умматана а догIуш ду.

❖ Вайна керла шо доладелла цхьа кIира даьлла. ХIокху шарана шаьш хIиттош йолчу Iалашонашна юкъа «Бусалба стеган гIап» юкъара шаьш хIинццалц лелош хилла доцу зикр а, Дела хьахораш а, доIанаш а лелон долор хIоттийча муха хета шуна? Масала, хIокху шара чохь итт керла зикр Iамор ду ас дагахь, уьш хIокху шарахь дуьйна сайн дахарехь даим лелош а хир ду ас аьлла. Ткъа и жайна ах дагахь Iамо Iалашо хIоттийча кхин а дика хир ду.

❖ ТIаьхьара зама ю, массо хIума галдаьлла доьдуш ду, массо хIума "церан" керахь ду, вайга далур долуш хIумма дац, МаьхIди веъча цо нисдийр ду.. бохуш долчу къамелашка ла ма дегIалахь. Бакъ дац хьуна иза. Кхин хIума дацахь а, хьан дахаран мукъ хьан керахь бу хьуна. Тахана хьайга далуш долу дика хIума дан сацам а хьоьгахь бу хьуна. Хьан догдалийта, хьо ши куьг охьа а хецна дIахIоттийта, хьо кхечунна муьтIахь ван, хьан корта хьала ца айбалийта, проблема дIаяккхарехь хьайн ницкъ ма-кхоччу дакъалоцуш хила везаш волчу хьох оцу проблемин цхьа дакъа (часть) хилийта, хьо юхаваккха, хьо гIорасиз ву моттийта, хьан лаам бан а бац моттийта, хьо цхьана кхечеран керахь тайниг ду моттийта гIерташ деш ду хьуна и къамелаш. Бакъ дац хьуна! Цхьанне адамо хьоьга олуш хIума а доцуш, хьоьга далур долу диканаш эзарнаш ду хьуна, хьайца а, хьайн доьзалца а, хьайн гергарчаьрца а, хьайн лулахошца а, хьайн доттагIашца а, хьайна бевзачаьрца а, хьайна гонах долчу Iаламца а. Ца теший хьо? Кхин гена гIерта ца оьшу, "Риядуссолихьин" деша гIерта ца оьшу хьуна, "Ал-Азкар" деша гIерта ца оьшу хьуна, Имам Нававийн "Шовзткъа хьадис" мукъане дешахь, ойла а еш.

Синтар дIадогIа аьтту массеран а бу хьуна.. Хьан дахар - ахь беш болу сацамаш бу хьуна.

# Вайн хьал

❖ Бусалба динан а, бусалба нехан а хьолах лаьцна дуьйцуш хилча, деккъа тахана хIоьттина долчу хьоле хьаьжна ца Iа со. Таханлера хьоле хьалхалера хьолаца дустий хьожу со. ТIаккха го, Бусалба дин дийно-дийно, шо шаре мел дели кхуьуш хилар. ДIадаханчу бIешеран доьххьаралерачу э́ха де́къаца а, тIаккха цуьнан шолгIачу де́къаца а дусту ас вайн таханлера хьал. Цу заманахь хиллачуьнга хьаьжча а, тахана вайгахь долчуьнга хьаьжча а, Далла хастам бу, бусалба умматан дуккха кхиамаш бу.

❖ Бусалба дин лело гIерта кегийнах шайн деца-ненаца а, гергарчаьрца а, нахаца а хербаларан бахьанех цхьа бахьана царна шаьш церал гIолий хетар ду. Со нисвелла ву, со нийса некъахь ву, суна хаьа, царна ца хаьа, уьш ца кхета, уьш тилбелла бу, олу цо доьххьара шиелахь. ТIаккха, схьа ца алахь а, иштта ойла кхоллало цуьнан: со церал гIолий ву. Ткъа, Iеламнаха, къинош летош волу стаг хьайна гича а, хьайга хаттам беш хила, хьой лакхара хетарх ларлуш хила боху, хьайн чаккхе а, цуьнан чаккхе а муха хир ю хьайна хууш ца хилар дагадаийта боху.

❖ Дуккха проблемаш ю вайна юкъахь. Лаккхарчу тIегIана тIехь а, лахарчахь а. Амма проблеман бахьана хIун ду-те, иза хIунда хуьлу-те, цуьнан орам хIун бу-те аьлла ойла йар дац вайна юкъахь. Цул тIаьхьа, и бахьана девзича, цунна дарба муха хир дара-те аьлла ойла йар данне дац. Ткъа цу кепара ойла йен институташ (Iаьмиркера "Think Tank" олурш санна) хила мегара-кх аьлла, йа и ойла бертахь, Iилманан бакъонашца, масийтта говзанчо-Iилманчо цхьаьне йийр йар-кха аьлла дагадар-м дийца а ца оьшу. Кхиар мичара хира ду вайн?

❖ ХIун пайда бу дешнастагах, нагахь санна иза шенна ваьлла вехаш велахь? ХIун пайда бу Iеламстагах, нагахь санна иза нахаца вехаш вацахь? ХIун пайда бу цо яздечу жайнийн, нагахь санна уьш нехан проблемаш луьстуш дацахь? ХIун пайда бу Iеламстагах, нагахь санна иза дахарехь да́къалоцуш вацахь, дикчу агIор хийцам бан гIерташ иза вацахь, шен ницкъ ма-кхоччу нахана пайда бан гIерташ и вацахь? ХIун пайда бу академик Хьенеховх вайн къомана? Шиелахь жайнаш кегорах, уьш яздарах а пайда бац, дахарехь церах беш Iаткъам бацахь.. 23 шарахь маьждигашкахь хутIбанаш, хьехамаш барх пайда бац, нагахь санна цара нехан дахар туодеш дацахь, адамаш дикачахьа цара хуьйцуш дацахь..

❖ Ямартло, тешнабехк дIадаьлча, адамехь, къаьсттина бусалба стагехь суна уггар ца дезаш долу хIума боьха мотт болуш хилар ду.

❖ Хьоме бусалба нах… Карарчу хенахь, цхьажимма хала лара мегар долу хьал тIехIоьттинчу муьрехь хиллачух лаьцна ойла ю ас язйийриг. ДоттагIий-накъостий ларалуш берш, шича-махчалахь берш, ден агIор а, нена агIор а цхьацца гергарнаш, юьртахой берш, цхьана хенахь цхьаьнаIийна берш, интернет чухула кехат яздар доцург, цу чухула вистхилар доцург кхин цкъа а хьуна гина боцурш (!), муха ду шун хьал-де.., хIун оьшу хьуна.., тхан хIусам хьан хIусам ю хьуна.., хьайна оьшшург ала мегар ду хьуна.., эхь хетий ма Iелахь, кхоадей ма Iелахь.., хьа дагIахьара шу тхоьга.., хIара дича муха хир дара-те аш, важа дича муха хир дара-те.., бохуш, хIора а зIене волуш, цхьаверг кхин хIун ду ма ду ца хоьттуш, йа ахь аларе ца хьоьжуш жигара хьевзаш… Дагна синтем беш, хьан хало хьоьца йоькъуш, хьан дог оьцуш, хьуна хеттехь йа моьттинехь дика адамаш маттаца бен ца диссина, иза бакъ доций шайн леларца хоуьйтуш, хьо хьой цхьаъ воций хоуьйтуш, хьох доглозуш хьан да-нана доцург кхиверг а вуй хьуна хоуьйтуш, вовший ба́лакхачар дIадаьлла доций хьуна довзуьйтуш, махках баьхна хиллачу вайн баккхийчара дуьйцуш хезна дийцарш хьуна дагадохкуьйтуш, адамехь дикалла йиссина хилар, иза тоьлаш хилар хоуьйтуш, тахана дуьйцуш ма-хаззара вайн хьал телхина доций, вайна юкъахь дикалла шортта юй, йа́ роббана́ йа́ АллахI хастам бу-кх Хьуна Ахь тхо бусалба кхолларна аьлла хьоьга Далла хастам бойтуш… Дела реза хилла аларал доккха хIума дац олуш дара вайн цхьаболчу баккхийчара. Дела реза хуьлда шуна, хьоме бусалба нах.

❖ Мисрера, гIаравааьлла вевзаш хилла волу яздархо а, политик а Хьусайн ХIайкал Советски Союзе вахана юхавеанчул тIаьхьа, Союз юхур ю аьлла хиллера боху цо. Бахьана хIун ду аьлла шега цхьамма хаьттича, "Сатийсар (мечта) дIадаьлла церан" аьлла хилла цо.

Дикачуьнга сатийсар вон хIума дац шуна, сатийсар дIа ма дайталаш шайн! Вай массо дикачуьнга сатуьйсуш мел ду, вай оцу дикачунна тIегIертар ду, вай цхьаъ дан гIерташ хир ду. Ткъа, сатийсам дIабалахь - хьалхахьа дIагIерта бахьана гур дац вайна. Догдуьллур ду вай. Ткъа иза вайна оьший?

❖ Къаьмнаш (юкъараллаш) гIийла хиларан коьрта бахьанаш хIорш ду: церан хилар довзуьйтуш йолу уьш гулден ойла (идентичность) ца хилар; къомана хьалха хIоттийна йолу Iалашо нийса ца хилар; юкъара нийсо дIаялар; барт бохар; жохIалла (незнание) яржар; мекара мостагIчунна тIетовжар; гIиллакхаш-амалш талхар. Шейх Iавад ал-Къарний.

❖ ХIаъ, вайна тIехIиттинчу баккхийчу баланаша а, вайна гинчу къизалло а, тешнабехко а, вай лайначу халонаша а вайна боккха Iаткъам бина, юкъара тешам дIабаьлла, къинхетам дIабаьлла, цигара схьа вовший балакхачар дIадаьлла, гергарлонаш херделла, уьйраш гIелйелла.

ХIаъ, вай дуьнена тIехь дIасадаржаро вайна юкъара цхьаболчарна керла кхетамаш белла.

ХIаъ, вайх дуккха берш керла мехкашкахь, кхин кхетамаш а, кхин ойланаш а, дахаре хIинццалц вайн хилла долчух къаьсташ долу хьежарш а долчу нахана юкъахь хIокху тIаьхьарчу 10-13 шарахь Iийна хилар бахьана долуш, вайна хIинццалц евзина йоцу кхечу юкъараллехь вайн бераш кхиъна хилар бахьана долуш, мелла а лелар хийцаделла вайн, адаман цхьаалла хьалхадаьлла, юкъаралла тIехьадаьлла.

ХIетте а, теша мегар долчерах мукъане тешаш хила деза вай, къинхетам бан мегар долчаьрца мукъане къинхетаме хила деза вай, бáла кхача мегар долчаьрца мукъане балакхочуш хила деза вай. Кхачамаллийна иза мел гена делахь а, мегар долчеран мукъане вовший йолу уьйраш ларйан еза вай, вовшашна тIеттIадаха деза вай, цIийца долу гергарлонаш а, вовза-везарца долу гергарлонаш а вайн ма-хуьллу лардан а, чIагIдан а гIорта деза вай. ТIекхуьучу тIаьхьена доьхьа мукъана а.

❖ Сийсара сайн воккхаха волчу шичийца къамел деш волуш карладели сан хIара – ма дукха адам ду вайна юкъахь хIинца а «ЛаилáхIа илаллáхI, Мухьаммадун расýлуллáхI» бохучуьнан, йа шаьш жималлехь Iамийна «ашхIадан» маьIна хIун ду ца хууш. Цхьа масех шо хьалха сайн уллера цхьана гергарчу стага (50 шо сов хан йолуш волчу) соьга хьттинчо чIогIа дукха ойла йайтина соьга: мовлад ца мовлад тIера къамел дIадоладелча, ас цуьнан маьIна деш Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хьахийча, «И пайхамар ван мила ву? Эвлаяъ ву иза, йа мила ву иза?» - элира цо. Со циггахь велха хIунда ца вилхира ца хаьа суна.

Уггар коьрта долу хIуманаш ца девза нахана, динан баххаш ца хаьа, ткъа хIокху хьолах кхета а кхеташ, иза нисдар тIехь къахьоьгурш кIеззиг бу. Цхьана агIор шайн «белхан меттиг» ларйелчахьана кхин хIуманца бала боцуш, нахана Iилма хьехар доцуш, молланаш-имамаш-къеданаш бу. Вукху агIор, шайна хIинцца цхьа хIума довза доладелча, шаьш санна кхачамаллехь (шайна хетарехь) дин лелош хIунда бац кхиберш бохуш кегийнах бу. Ткъа дуккха а долчу адамехь динан коьрта баххех лаьцна кхетам бац.

# Кхидерг

❖ Имам Ибн Iакъи́ла (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Хьарам доцучу хIумангахь, нахана юкъахь лелаш долчу Iадатех а, цара лелочунах а дIакъеста ца веза». Цхьаболчу кхечу Iеламнаха а олуш ду изза маьIна долу дешнаш: «Хьарам доцучунна тIехь, нахана юкъахь лаьтташ долчу Iадаташца во́гIуш хилар Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Суннат ду» - олий. Кхузахь «Суннат» бохург – некъ бохург ду.

❖ «Дуьнена тIехь керстаналла даржаран ах бехк дин лелочара токхур бу – шайн вочу амалца а, вочу къамелаца а АллахI ца воьзуьйту цара адамашна». Шейх Мухьаммад ГIазалий.

❖ Набахти чохь ваьллинчунна шен дахарера мел жима хIума а (масала, арахь кхетта малх, догIу ло, доьлху догIа, дека олхазарш, йолу буц, стиглара мархаш, цIена стака, уллера лулахо, чохь бераш, пешахь йогу цIе...) маьIне дуй хаьа, цо цуьнан хам бо, уггар коьрта дерг - цо цунах марзо оьцу, цуьнан цунах самукъа долу, оцу хIора жимчу хIуманца ша ирсе хета цунна. ХIунда аьлча ша цхьана дийнахь йа дуккха шерашкахь оцу хIора хIуманах хьоьгуш Iийна дела. Дала шена дина дика ца хаьа адамана, и доцуш ша диссича бен. Цундела олуш ду иза, жимчу хIуманах ирсе хила.

❖ Хьан воккхаллин (хьо доккха адам хиларан) билгало ю хьуна, цхьаммо ечу ойланца хьан ойла цхьаьнайогIуш ца хилар, цунна хетарг хьуна хеташ ца хилар, йа цо бен сацамаш ахь беш ца хилар, хIетте а хьайн дог ахь иза везар тIехь латтор, ахь цунна цхьанне кепара халахоьтуьйтуш ца хилар. Шейх Мухьаммад ГIазалий.

❖ Имам Ибнул-Къаййима аьлла (Дала къинхетам бойла цунах):

«Диъ хIумано юьхь кIай йо: оьздангалло, тешаме хиларо, комаьршалло, Делах кхераро.

Диъ хIумано оьгIазло тIейоуьйту: куралло, хьагIано, харцлеро, мотт-эладита лелоро.

Диъ хIумано рицкъа хуьлуьйту: буьйсанна ламаз даро, Iуьйкъанна дуккха гечдар дехаро, сагIа луш хиларо, де долалуш а, чекхдолуш а Дела хьехоро.

Диъ хIумано рицкъа духатуху: Iуьйранна вижина Iаро, ламаз кIеззиг даро, малоно, тешнабехко.

Диъ хIумано дегI талхадо: гIайгIано, сингаттамо, мацалло, буьйсанна наб ца йаро».

❖ Дала гечдойла вайн беллачарна, Дала декъал бойла уьш, Дала Шен къинхетам бойла церах. Халонаш лайначарна Дала уьш массо вочух цIанбеш хуьлийтийла. Вайнехан исторехь уггар хала хIума хилла махках дахар, уггар боккха бала хилла. Вай, Дала мукъа лахь, и бала лайна болу вайн дай, наной, дедай, денаной, ненадай, ненаной санна, дуьненан халонашна, баланашна хьалха доха ца духуш, йа Дела вицвеш долчу дуьненан дахаре Iеха ца дойтуш, халонаш а даим йоций хууш, атталлаш а даим йоций хууш, вайл хьалха хилларш санна Делан лайш хилла чекхдовла гIоьртар ду хIокху дахарх, Дала мукъа лахь.

«Беркате ву паччахьалла Шен керахь дерг; массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш а ву Иза. Iожалла а, дахар а кхоьллинарг ву Иза, шух Iамал гIолий хьан йо хьожуш шу зерхьама; нуьцкъала а, гечдеш верг а ву Иза». (Сурат «Ал-Мулк», 1-2 айат).

❖ Цхьа дийцар ду-кх дуьйцуш.. ХIусамда хилла бохуш дуьйцу, шен хIусамненаца кхача бууш Iаш. НеI тоьхна. «Мила ву хьажа со», аьлла неIаре яханчу хIусамнанна, сагIийна хIума йоьхуш лаьтташ цхьа стаг гина. Шаьш кхин хьал совдаьлла Iаш ца хиларна, шаьшшима буучу кхачанах да́къа дан лиъна йолу хIусамнана човхийна хIусамдас, «ДIаяла, дIавахийта иза», аьлла. Миска стаг дIавахана. ЧIогIа цатайна иза хIусамнанна. Цу тIехула вас йоьлла цаьршинна юккъе, долууш и гIулкх гена а даьлла, и зуда йитина цу стага. Цхьа хан яьлча цхьана кхечо ялийна иза.

Суьйранна пхьор дууш Iаш хилла хIусамда, хIусамнана.. НеI тоьхна. ГIаьттина, неIарехь верг мила ву хьажа йахана хIусамнана Iадийна йиссина.

- Мила вара иза?

- Цхьа стаг вара-кх..

- ХIун оьшуш вара иза? Мила вара?

- СагIа доьхург вара.. Хьенех вара. (Цуьнан хьалха хилла майра хуьлу иза)

- Со мила ву хаьий хьуна?

- Мила ву хьо?

- Со доьххьара сагIа деха веана хилларг ву хьуна.

Чекхдели дийцар.

Iеха ма лолахь. ХIара дерриге дуьне, стигланаш, цу чура кхолларш Делан керахь ду хьуна. Хьал хуьйцуш верг И ву хьуна. Тахана дерг кхана ца хила тарло хьуна. Iеха ма лолахь.

❖ 500 шо гергга хьалха (1492 шарахь), хIоккху хенахь (2 январехь), бусалба нахера Андалус дIаяьлла. 700 шарахь бусалба мехкийн жовхIар хилла болу мохк..
Тамашийна хIума хIун ду - оццу заман чохь (1453 шарахь) бусалба наха Константинополь яьккхина. Цунах цул тIаьхьа Бусалба пачхьалкхан коьрта гIала хилла - Исламбул, йа Истанбул.

Истори йовзаро, цу тIехь ойла йаро, дукха кхетам ло, дукха хIума довзуьйту, дукха пайданаш ло.

❖ Сий долу Макка шен бераш дIахоьцуш ю.. «шен нанас винчу дийнахь санна къинойх цIанвелла юхавоьрзур ву иза..» ТIелаца аш уьш, АллахIал тIаьхьа гIоьнчий а хила шу царна, хьадж даро цIандина долу церан синош кхидIа а иштта диссийта. Шейх Салман.

1990-гIа шераш дуьйладеллачу юкъахь, юьртара хьаьжинцIа ваханчара цIавеана волу ши-кхоъ воккха стаг волчу воьдуш дагадогIу суна сой, жимах волу ваша улло а воккхий, 15-20 грамм хиллал долу шиша а оьций, Замзам хи лур дацара-те цо олий. ТIаккха и шиша дукха лардеш цIа дохьий, цхьаъ-шиъ литар хица иэдой, молура массара, баккхийбеш. Ткъа цу мехкашкара деана суьлхьа а, тIеюху хIума а мел доккха хIума хетара.. Цхьа цIена ойланаш, цIена синахIоттам, цIена кхетам болу хан яра иза вайн нехан. ДIаяхана зама юхайогIур юй-те?

❖ Имам Ибнул-Къаййима аьлла (Дала къинхетам бойла цунах): «Iеламнаха дика лоруш йоцучу набарх ю Iуьйра ламазна а, малх хьалабаларна а юкъахь дIавижар. И хан – са́ хуьлу хан ю. АллахIана тIе боьлхучарна гергахь и хан къаьсттина дика лоруш ю. Шаьш ерриге буьйсанна «некъ бина» хиллехь а, цу хенахь некъ бар сацор магош ца хилла цара шайна, малх хьалабаллалц. И хан – дийнан юьхь ю, цуьнан до́гIа ду, рицкъа дуссу хан ю, и доькъу хан ю, беркат хуьлу хан ю. Де цунах дIадолалуш ду, цу хене хьаьжжина хир ду кхидIа долчу дийнан хьал. Цундела, цхьа цаторийла йолчо бен наб йан ца йогIу цу хенахь». («Мада́рижус-са́лики́н», 1/457)

❖ «Аль-Хьамра» - «ЦIен гIала», йа «ЦIен гIап» (Альгамбра, Гранада цIе йолчу шахьарехь)

Таханлера Испанера и гIала уггар дукха туристаш богIу гIала ю боху. Пайда а, самукъа а, садаIар а цхьанатоха луург - цига гIо шен доьзалца.

❖ Ламаз дечо дIахьулйан езачу дегIан меженех цхьаерг ламаз дечу хенахь гучаялахь, и ламаз доьхна лорур ду, иза юхадан дезаш хир ду. Башхула яц цу тIехь шен и гучаялар цунна ламаз дечу хенахь хиънехь а, йа ламаз динчул тIаьхьа хиънехь а. Бакъду, нагахь санна ламаз дечу хенахь шен иштта цхьа меттиг гуча ма яьллинехь сихонца цо и дIахьулйахь, цуьнан ламаз доьхна лорур дац, и цхьа кIеззиг йолчу ханна гучаялар бехке лорур дац.

❖ Миска нах гича.. ахчанца-бохчанца, яккхий гIаланашца, къуьйсуш долчу гIанташца, адам адамаллех дохош болчу бахамашца кIезга бала болчу мискачу нехан, берийнаш санна цIена яххьаш гича, синтем, синпаргIато, дагна там хуьлу суна. ХIунда ду-те иза иштта?

❖ ВаллахIи, собаре кхочуш, сих ца валаре кхочуш, кIеда-марзалле кхочуш, адамца гIиллакхе хиларе кхочуш, тIаккха цуьнца цхьаьна Iилманга кхочуш хIума ма дац.